

25 novanm, 2020

Chè fanmi Lekòl Piblik Boston,

Depi 16 novanm, sa te ban n anpil kè kontan pou n te akeyi 200 elèv nan kat lekòl sila n yo ki konsantre sou edikasyon espesyal: lekòl Carter, McKinley, Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing, ak Henderson Inclusion School. Retounen nan aprantisaj an pèsòn nan te esansyèl pou elèv sila yo ki bezwen sipò nan ansèyman, ansanm ak kèk sèvis, ke n kapab bay yo pi byen an pèsòn, pami yo: terapi fizik ak terapi langaj, ak aksè a plizyè pwofesyonèl alafwa, bagay ki t ap difisil pou n ta fè sou ekran.

Nou te reyisi pèmèt elèv sa yo retounen lekòl aprè egzaminasyon ak apwobasyon Komisyon Sante Piblik Boston an (BPHC) ansanm ak yon akò nou te fè avèk Sendika Pwofesè Boston yo ("Boston Teachers Union", BTU).

- BPHC [te siyen pou pèmèt moun retounen nan bilding yo](#) sou baz kantite manm pèsònèl ak elèv ak kalite kontra ki etabli ant manm pèsònèl yo ak elèv yo.
- BTU te dakò pou moun retounen nan bilding yo pouvi ke genyen kèk mezi de sekirite anplis etabli nan kat lekòl yo, pami yo:
  - adisyon kèk filtè/filtraj lè nan sal de klas k ap fonksyone yo,
  - plis tès pou teste kalite lè a ak plis rapòtaj sou sa,
  - aksè a tès COVID-19 pou pwofesè yo ak edikatè sila yo k ap retounen nan bilding yo,
  - ak disponiblite plis ekipman pwotektif pèsònèl de kalite medikal (ki pi wo kalite e ki depase rekòmandasyon ekspè sante piblik yo)

### **Ki sa ki pwochèn Etap la: Enklizyon Elèv nou Idantifye kòm Elèv Wo Priorite**

Nou konnen meye plas pou aprantisaj se chita nan yon sal de klas avèk yon pwofesè. Nou tandè byen klè ke plizyè paran ak elèv pare pou yo retounen lekòl. Plizyè elèv bezwen aprantisaj an pèsòn pou yo pwogrese e evolye. Nou menm tou, nou vle yo retounen. Nou konnen plizyè fanmi ki te fè demann pou aprantisaj ibrid la, reyèlman vle pitit yo retounen nan bilding lekòl yo. Se pou rezon sa a nou te kòmanse yon gwoup travay konpoze de manm BTU, paran, elèv, ak manm pèsònèl distri a, ki t ap reyini pou ede gide desizyon n ap pran yo, pou n kapab retounen nan aprantisaj an pèsòn nan, kòmanse ak elèv sila yo ki genyen wo priorite. **Si nou idantifye elèv ou a kòm yon elèv ki genyen yon wo priorite pou aprantisaj an pèsòn, lekòl ou a ka kontakte w pou w kapab konfime si w enterese pou l retounen, lòske n pèmèt sa.**

Malerezman, nou pa ko kapab ba w yon kwonoloji definitif pou retou an, etandone ke viris la kontinye ap gaye nan kominote nou an; sepandan n ap mande w pou w endike preferans ou swa pou aprantisaj an pèsòn oswa pou aprantisaj aleka, pou n kapab prepare operasyon nou pi byen, tankou: kantite manm pèsònèl n ap bezwen, epas n ap bezwen, transpòtasyon, manje ak nitrisyon, ak sante ak sekirite.



Nan moman ke m ap ekri lèt sa a, pifò elèv yo ap kontinye aprann aleka jiskaske pwopagasyon viris la nan kominote a bese. N ap anonse kwonoloji ak sekans retou a kou chemen an vin lib pou n kòmanse akeyi plis elèv nan plis bilding, kòmanse ak Elèv Wo Priyorite yo, apres a elèv sila n yo ki pi jèn, epi apres a kèk gwoupman klas.

## **Chemen Reouvèti a**

BPS ap suiv etap sila yo ki mansyone anba a pandan n ap kontinye planifye reouvèti lekòl yo pou akeyi plis elèv:

- Manm pèsònèl yo ka kontakte w pou w kapab konfime preferans ou, swa pou aprantisaj aleka oswa pou aprantisaj an pèsòn.
- Dirijan lekòl yo ap reyini ak pwofesè yo ak manm pèsònèl yo pou konfime preparasyon bilding yo pou fè aprantisaj an pèsòn, pandan y ap konpare lis elèv sila yo fanmi yo te chwazi aprantisaj ibrid la pou yo, nan sal de klas ki genyen ase espas pou pèmèt distansyon sekirite.
- Dirijan lekòl yo ak pwofesè yo ap idantifye nivo kanitite manm pèsònèl y ap bezwen pou asire ke elèv sila yo k ap aprann an pèsòn yo genyen aksè a edikatè apwopriye yo pou aprantisaj yo.
- Si nesèsè, Dirijan Lekòl yo ap travay an kolaborasyon avèk manm pèsònèl yo pou soumèt yon orè fleksib bay Gwoup Travay Reouvèti BPS/BTU a, pou li apwouve; biwo afè legal/biwo afè travay la ap egzamine l avan yo soumèt li bay Sipèentandan an.
- N ap met tout mezi sante ak mezi sekirite an plas nan lokal lekòl la\*\*, lèfini BPHC dwe siyen pou apwouve yo.
- Sipèentandan an ap bay apwobasyon l kou BPHC siyen apwobasyon pa yo a.

**\*\*Note ke:** Akoz travay manch long nou te fè pandan ete a pou n prepare bilding yo pou elèv yo ak manm pèsònèl yo, **se pa tout lekòl k ap bezwen** mezi anplis sila yo ke n ajoute pou lekòl sila yo ki konsantre sou edikasyon espesyal ki mansyone anwo a (sètadi: PPE [ ekipman pwotektif pèsònèl] de kalite medikal, pirifikatè lè, et setera).

Tout plan pou reouvèti bilding yo ap egzamine sou baz pwosesis ki mansyone anwo a, e mwen menm ak BPHC ap genyen pou n apwouve yo, e y ap genyen ladan yo nenpòt prekosyon anplis ki ta nesèsè, e n ap kominike sa ak fanmi yo.

## **Nouvo Metrik Sante Piblik yo**

Pandanke epidemi COVID-19 la ap evolye, Vil la rekonèt ke genyen yon nesèsite pou n adapte e mete konpreyansyon n ajou sou pwopagasyon COVID-19 la nan kominote a. Majistra Walsh ak Chèf Sante ak Sèvis Imen an, Marty Martinez, te anonse ke vil la pral pibliye yon total de sis mezi kle l ap anplwaye pou l ban nou yon pòtrè viris la k ap pi ajou e pi konplè. Kounye a metrik pozitivite vil la (konbyen moun ki teste pozitif) ap yon metrik ibrid, k ap egzamine nouvo ka pozitif yo pami tout tès yo pandan peryòd tan ki rapòte a.

Chanjman sa a nan metodoloji a ap montre pozitivite resan yo akoz peryòd tan tès yo ap pi kout, epi l ap bay yon reprèzantasyon ki pi egzak de nouvo ka pozitif yo. Oparavan vil la t ap sèlman konte moun ki fè tès yon sèl fwa.

Ansanm ak metrik pozitivite a, vil la evalye kèk lòt metrik pou mezire pwopagasyon COVID-19 la nan kominote nou an ak enpak li fè sou kapasite n pou n pran swen sila yo ki bezwen plis swen, tankou: nouvo tès pozitif pou COVID-19 pami abitan Boston yo, kantite tès molekilè COVID-19 ki fèt, kantite vizit COVID-19 nan depatman dijans lopital Boston yo, disponibilite Inite Swen Entansif (ICU) pou adilt ak kabann medikal/chirijikal pou adilt nan lopital Boston yo, ak pousantaj kabann ICU pou adilt ki pa kabann chirijikal ke moun okipe nan lopital Boston yo.

## Mizajou sou COVID-19

BPS eksperimante yon total 39 ka pozitif pami tout elèv ak manm pèsònèl ki t ap patisipe nan aprantisaj ibrid nou an, 24 pami yo depi lè nou te chanje pou n fè aprantisaj aleka a. N ap rapòte mizajou yo sou sit entènèt nou an, ke w kapab jwenn [sou lyen sa a](#).

Akoz ke chak lokal lekòl genyen yon ti kantite ka piti, nou pa kapab analize chif sa yo pou n kontwole konbyen ladan yo ki elèv ak konbyen ki manm pèsònèl, ni nou pa ka analize yo selon lekòl, jiskaske n ta genyen plis pase senk ka nan chak lekòl, pou rezon vi prive, epitou pou n kapab pwoteje idantite manm kominote sila yo ki teste pozitif. Apati jodi a, pa genyen lekòl nan BPS ki genyen senk ka pozitif oswa plis ke sa, donk n ap rapòte total distri a sèlman.

Epitou, n ap rapòte sèlman ka elèv ak manm pèsònèl sila yo ki te anndan yon bilding lekòl. Nou p ap rapòte elèv ak manm pèsònèl sila yo ki t ap patisipe konplètman nan aprantisaj aleka a pandan tout ane a, paske objektif nou se rapòte ka sila yo ki ta genyen yon enpak sou sante n ak sekirite n pandan n ap fonksyone nan aprantisaj an pèsòn nan.

Nou vle fanmi yo santi yo an sekirite, pou yo konnen ke lè genyen yon ka konfime, nou pran mezi suivan yo:

- Nou rele Sèvis Sante BPS la
- Sèvis Sante BPS la kolekte detay yo epi yo rele inite Maladi Kontajye BPHC a
- BPHC itilize [machasuiv CDC yo pou I](#) wè ki moun ki te an kontak ak moun ki genyen viris la.
- BPHC kontakte tout moun yo idantifye ke yo kwè ki an danje pou enfeksyon, epi l bay yo kèk enstriksyon sou pwòchèn etap yo dwe pran, ki ka enkli tès ak karantèn.
- Dirijan lekòl yo enfòmè tout moun ki te nan bilding lekòl kote yo te dekouvri enfeksyon an
- Ekip Anviwònman BPS la fè kèk netwayaj/pwòpte/dezenfeksyon anplis nan bilding nan.

Mwen espere ban nou yon lòt mizajou semèn pwòchèn nan.

Mwen swete ou menm ak fanmi w pòte n byen, epi m swete n yon Bòn Fèt Remèsiman, an tout sekirite,



Doktè Brenda Cassellius,  
Sipèentandan